

Rete an sekirite kont varyan COVID-19 yo

Lè yon **viris ap mite** (chanje), nouvo fòm nan rele yon **varyan**. **Pran vaksen kont COVID-19 kapab ede kanpe pwopagasyon varyan yo.**



PALE DIRÈK SOU COVID-19

Sa pou w konnen sou varyan yo

- Lè plis moun vin malad, viris la ki lakoz COVID-19 la vin gen plis chans pou mite epi **nouvo varyan yo ap parèt**. Vaksen yo kapab mwens efikas kont varyan alavni yo.
- Gen kèk varyan ki kapab **pwopaje pi rapid** epi fè moun yo vin **pi malad**.
- Plis moun kapab vin **trè malad oubyen mouri** lè yon varyan ap pwopaje.
- Lè **plis moun pran vaksen**, plis moun vin **pwoteje kont varyan yo**.

Vaksen yo kapab ede kanpe varyan yo

- Youn nan **pi bon fason** pou kanpe pwopagasyon varyan yo se **pran yon vaksen COVID-19**.
- Vaksen COVID-19 **yo san danje ak efikas** kont varyan moun konnen yo.

Kenbe tèt ou ak lòt yo an sekirite

- **Pèsonèl Etablisman Swen Alontèm** ki **pran yon vaksen COVID-19** kapab kenbe tèt yo, fanmi pa yo ak pasyan pa yo **san danje**.
- **Moun ki aje yo oubyen ki imino-deprime** yo nan yon pi gwo risk pou konplikasyon akòz de COVID-19.

Pran vaksen ou GRATIS!